www.nohchalla.com
Популяризация старинных чеченских песен

# Дагмара

**Хьо лепа, маьлхан з1аьнарш санна,
Хьо мел ю, малх эшац дуьненна;
Ца еза бахьна дац хьо дагна,
Хьо суна ца йоьг1нехь, сан ирс дайна. 2р**

**Дог1ано боху, ша санна, шийла
Хьан б1аьргех оьху хиш тховса хийла.
Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!**

**Нагахь г1елделлачу хьан б1аьргех,
Со дагна вазвелла, хи даьллехь,
Тешар ву, 1енаш долу дог1а,
Хьан б1аьргех 1ийдалуш хиларх. 2р**

**Дог1а дог1у, ша дог тедо моьттуш.
Амма дац дог1а соьга хьо хоьттуш.
Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!**

**Дог1ано боху, ша санна, шийла
Хьан б1аьргех оьху хиш тховса хийла.
Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)